

WÈ AK FÈ

KONSIY POU BYEN SÈVI AK
PWOGRAM LAKOU KAJOU A

FICH AKTIVITE POU EDIKATÈ AK EDIKATRIS



Enfòmasyon jeneral sou kouman pou nou sèvi ak fich yo:

DVD sila a gen ladan l sis epizòd Lakou Kajou. Li mache ak yon fich pou chak epizòd. Chak nan fich yo gen yon ti rapèl toukout sou mesaj epizòd la pote pou timoun yo aprann, epi kèk aktivite edikatè ak edikatris yo ka fè pou ede timoun yo aprann pi byen ak videyo yo.

Konsèy pou aprè nou fin gade yon epizòd:

Poze timoun yo kesyon sa yo:

1. Eske gen kichòy nou ta anvi di mwen sou videyo nou sot gade a?
2. Kisa Lili ak Tilou aprann nan epizòd la?
3. Ki moso nou te plis pito nan epizòd jodi a?
4. Eske nou gen kèk kesyon nou ta renmen poze? Kilès ki ta renmen poze kesyon oswa ki ta vle di kichòy toujou sou sa nou sot gade a?

Kòd koulè ki endike objektif konesans yo

Matematik ak syans

Relasyon sosyal

Li ak ekri

Lakilti ak aktivite atistik

Lasante ak byennèt

Mwen rele Zandolin.

Mwen se vedèt yon pwogram tele pou timoun.

Ansanm ak zanmi mwen, Tilou ak Lili, mwen patisipe pou ede timoun aprann konnen.



Epizòd 1 - Pwosesis

BÈL MO: PWOSESIS

Yon pwosesis se yon seri etap nou syiv pou nou fè oswa reyalize yon bagay.



Tilou ap konstwi yon kap.



Janjan sèvi ak yon boutèy plastik pou li konstwi yon ti machin.

Pwosesis: Lè nou syiv yon pwosesis, nou syiv etap sa yo : nou imajine sa nou vle fè a, nou planifye aktivite yo, nou reyini zouti ak materyèl, nou kreye sa nou te vle a, epi nou jwi rezilta a.

Resiklaj: Nou ka sèvi ak divès kalte bagay ki fin sèvi pou nou fabrike jwèt ak kèk bagay itil.

Sipòte difikilte ak echèk: Konn gen moman difisil lè moun ap chache reyalize kichòy. Pafwa ou ka fè echèk e fòk ou eseye lòt estrateji pou jwenn rezilta.



Yon ti myèl ki brav anpil sove yon sityasyon.

Pataje: Nou jwenn anpil plezi ak kè kontan nan pataje youn ak lòt.

Diferan kapasite tout moun genyen: Nou tout gen kapasite pou nou fè sèten bagay byen, epi nou gen difikilte nou tou. Li enpòtan pou nou konn sa, e pou nou aprann rekonèt ak aksepte sa chak moun pote nan yon gwoup oswa yon ekip.

Divèsite: Nou tout pa menm, e lè nou travay byen ansanm, diferans nou yo ajoute youn ak lòt pou nou jwenn pi bèl rezilta.

AKTIVITE REVÈY

1. Resiklaj pou fabrike jwèt. Mande timoun yo fè yon lis jwèt nou ka fabrike ak bagay ki deja sèvi. Kèk egzanp : woulo papyè twalèt ak fil pou cheve epi kreyon pou desinen figi pou fè ti poupe ; boutèy plastik pou ti machin ; bwat fèblan ak fil pou fè telefòn, eks.
2. Sèvi ak fòm diferan koulè pou fè kolaj ak desen. Dekoupe triyang, kare, won, nan papyè diferan koulè, epi mande timoun yo sèvi ak fòm yo pou kreye kèk imaj (kay, flè, bato, eks).
3. Montre emosyon ak santiman. Site yon emosyon, epi mande timoun yo mime emosyon an ; pa egz. pou yo montre kijan figi yon moun ye lè li : kontan, sezi, fristre, eksite ; oswa lè li pè, tris, ankolè, gaye...